



Pou Piblikasyon Imedya: 23/03/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 52.5 MILYON DOLA KI DISPONIB POU PWOTEJE TÈREN AGRIKÒL NEW YORK LA YO

Eta a dedye nivo finansman ki pi elve yo te janm akòde pou pwoteje tèren agrikòl presye ak sa ki arisk yo

Yo pral bay chak nan 10 rejyon New York yo 5 milyon dola pou pwojè sèvitid konsèvasyon yo

Yo te elaji opòtinite elijibilite yo pou sektè agwoforestri, sektè cheval, ak sektè diven an

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse yon rekò 52.5 milyon dola ki disponib kounye a atravè Pwogram Sibvansyon pou Reyalizasyon Pwoteksyon Tèren Agrikòl la yo (Farmland Protection Implementation Grant) pou ede agrikiltè toupatou atravè New York la yo pou yo pwoteje tèren agrikòl presye ak sa ki arisk yo. Sa se nivo finansman ki pi wo ke yo ap ofri nan 25 ane istwa pwogram lan. Anplis de sa, pou premye fwa, pwogram lan pral distribye finansman bay chak nan 10 rejyon devlopman ekonomik yo, avèk 5 milyon dola ke yo ap bay chak rejyon.

"Pwoteje tèren agrikòl New York yo enpòtan pou endistri agrikòl nou an, sa ki ede asire kiltivatè nou yo kapab pwodwi manje ki an sante pou kominote nou yo ak investi nan operasyon yo a", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Kòm rezilta nivo finansman istorik ke yo ap ofri a, epi avèk elijibilite a ke yo te elaji pou pwogram enpòtan sa a, nou ap bay menm plis opòtinite pou agrikiltè nou yo konsève tèren agrikòl itil nou yo, pwoteje vitalite agrikilti New York la alavni."

Minisipalite yo, konte yo, Distri Konsèvasyon Tèren Agrikòl ak Dlo yo (Soil and Water Conservation Districts), ak fidisi fonsyè yo elijib pou aplike pou sibvansyon jiska 2 milyon dola yo chak pou ede konpanse pou depans pwojè sèvitid konsèvasyon ki ap pwoteje tèren agrikòl vyab yo pou yo pa transfòme yo vin tounen tèren non-agrikòl.

Pou premye fwa, yo te ajiste kritè elijibilite pou pwogram lan pou ajoute sekè agwoforestri, sektè cheval, ak sektè diven an, sa ki reflète endistri agrikòl divès New York la. Anplis de sa, yo te entegre lòt objektif Eta a ki etwatman alinye yo nan kritè elijibilite yo pou pèmèt plizyè objektif pou kèk pwojè, gen ladan sekirite alimantè, rezilyans klimatik, ak pwoteksyon dlo sous. Yon lòt premye fwa pou pwogram lan, yon peman ensitatif disponib kounye a pou pwopriyetè tèren ke pwojè yo a entegre

espesifikman rezilyans klimatik oswa pwoteksyon dlo sous. Evalyasyon sante tèren yo kounye a se yon depans pwojè ki elijib tou.

Pa gen dat limit pou aplikasyon yo epi yo pral aksepte yo sou yon baz kontini jiskaske yo akòde fon disponib yo pou pwojè ki elijib yo.

Komisè Depatman Agrikilti ak Mache a, Richard Ball, te deklare, "Pwogram Pwoteksyon Tèren Agrikòl New York la te enpòtan pou ede konsève plizyè milye ekta tèren agrikòl ki itil pandan plizyè ane epi kenbe yo pou tout tan nan agrikilti. Mwen fyè pou apwòch inovan yo Depatman an te pran pou bati sou siksè sa yo ak pou ogmante reyònmman pwogram lan, gen ladan asiste kiltivatè nou yo pou divèsifye operasyon yo, pase pwopriyete yo bay pwochen jenerasyon an, epi kounye a, elaji kritè elijibilite yo dekwa pou plis fèm ankò kapab kalifye pou pwogram lan. Sa, ansanm ak nivo rekò finansman yo ap ofri jodi a, pral fè nou avanse nan direksyon pwochen gwo etap nou an nan pwoteje yon fason definitivman 40,468 ekta tè agrikòl nan Eta New York".

Prezidan Agrikilti Sena a, Michelle Hinchey, te deklare, "Tèren agrikòl New York sèvi kòm fondasyon pou ekonomi nou an, epi si nou vle asire yon avni agrikòl pou New York, nou dwe fè tout sa ki nan pouvwa ou pou prezève tèren ki arisk yo kont presyon devlopman yo. Finansman rekò sa a atravè pwogram Sibvansyon pou Reyalizasyon Pwoteksyon Tèren Agrikòl (Farmland Protection Implementation Grant, FPIG) la se yon gwo etap enkwayab pou Eta nou an ak pou fanmi agrikòl yo tout kote. Nou fyè pou eritaj agrikòl nou an nan New York epi investisman vital sa a montre angajman nou pou ede plis kiltivatè kalifye pou pwogram lan epi reyenvesti nan biznis yo a pandan yo ap pwoteje peyizaj natirèl nou yo yon fason definitiv kounye a ak pou jenerasyon ki ap vini yo".

Prezidan Komite sou Agrikilti a Manm Asanble Donna Lupardo te deklare, "pwogram Sibvansyon pou Reyalizasyon Pwoteksyon Tèren Agrikòl la se yon istwa ki reyisi pou New York. Prezève tèren agrikòl nou yo pou jenerasyon kiltivatè ki ap vini yo te ede fèm yo divèsifye yo epi atire nouvo fèmnye, yo toude esansyèl pou yon ekonomi alimantè dirab. Mwen kontan espesyalman dèske pwogram lan ap elaji pou ajoute sektè agwoforetri, sektè cheval ak sektè diven anm sa ki ap konfime angajman Eta a nan siksè endistri enpòtan sa yo. Sa ankouraje m tou dèske yo te ajoute lòt kritè elijibilite enpòtan tankou sekirite alimantè, rezilyans klimatik, ak sante tèren, tout se zafè ki gen pi gwo enpòtans".

David Fisher, ki se Prezidan Biwo Fèm Agrikòl New York (New York Farm Bureau, NYFB), te deklare, "Prezève tèren agrikòl pou jenerasyon pwochen jenerasyon an se yon objektif pou chak kiltivatè. Anons jodi a pral elaji opòtinite yo nan tout Eta a pou kiltivatè yo kapab patisipe nan pwogram enpòtan sa a, nan bay sipò ekonomik ek nan ede asire prensipal tèren agrikòl yo rete pwodiktif".

Depi lè Gouvènè a pran pouvwa an 2011 lan, Eta a te investi plis pase 113.5 milyon dola nan 143 pwojè pwoteksyon pou tèren agrikòl la yo toupatou atravè Eta a. Opòtinite finansman sa a kontinye angajman Eta a pran pou ofri asistans finansyè ak teknik pou

pwoteksyon tèren agrikòl yo sou yon sik dezan previzib ak bati sou ajou resan anplis nan Inisyativ Pwoteksyon Fèm Agrikòl Letye an Tranzisyon (Dairy Transitions Farmland Protection Initiative) FPIG la ak Inisyativ Pwoteksyon Fèm Agrikòl an Tranzisyon pou Operasyon Fèm FPIG ki reyisi a.

Faz 18 FPIG la ap kontinye angajman Eta New York la pou bay asistans finansyè pou efò pwoteksyon tèren agrikòl ki dirije lokalman yo. [Pwogram Sibvansyon Aplikasyon Pwoteksyon Tè Agrikòl la](#) bay asistans finansyè pou konte yo, minisipalite yo, distri konsèvasyon sòl ak dlo yo, ak fidisi fonsyè yo pou pèmèt yo aplike aktivite pwoteksyon tè agrikòl ki konsistan avèk plan pwoteksyon tè agrikòl ak agrikilti lokal yo. Aktivite ke yo finance pi souvan se acha sèvitid konsèvasyon agrikòl nan fèm endividyèl yo. Sepandan, pwogram nan kapab bay finansman tou pou pèmèt lòt aktivite aplikasyon, tankou amandman nan lwa lokal yo ki afekte agrikilti, akò opsyon, ak kouvri depans tranzaksyon sa yo nan don sèvitid konsèvasyon agrikòl yo.

Yo dwe soumèt tout aplikasyon pwojè pwoteksyon tèren agrikòl yo sou entènèt atravè Pòtay Sibvansyon Eta New York la (New York State Grants Gateway). Ou kapab jwenn plis enfòmasyon konsènan Pòtay Sibvansyon an [isit la](#).

###

Lòt nouvel disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)